



**UNIONDALE UNION FREE
SCHOOL DISTRICT**

933 GOODRICH STREET,
UNIONDALE, NY 11553-2499
Website:
<http://district.uniondaleschools.org>

BOARD OF EDUCATION
CHARMISE P. DESIRÉ, President
NEVILLE G. GEORGES, Vice President
ADELINA BLANCO-HARVEY, Trustee
JUSTIN BROWN, Trustee
CAROL EASON, Trustee
BAILEY JEFFRIES, Student Member

DISTRICT CLERK
OLENA NICKS
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

ADMINISTRATION
WILLIAM K. LLOYD, PH.D.
Superintendent of Schools
516-560-8824 • FAX 516-414-5675
E-MAIL: wlloyd@uniondaleschools.org

RHONDA H. TAYLOR
Acting Superintendent of Schools
516-560-8825 • FAX 516-560-8917

MYRTLE E. DICKSON, PH.D.
Assistant Superintendent for Human
Resources
516-560-8822 • FAX 516-560-8927

STEVEN M. EPSTEIN
Assistant Superintendent for Business
Affairs
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

3 jan, 2020

Chè Fanmi Distri Uniondale la,

Mwen espere ke mesaj sa a jwenn ou byen. Nan Madi, 2 jen, Komisyon Konsèy Edikasyon an nonmen m 'kòm Sipèéntandan Enterimè pandan absans (FMLA) Dr. Lloyd la. Mwen santi ke mwen onore lefèt ke yo konfye ak pozisyon sa a, e mwen dispoze pou sipòtè tout elèv ak fanmi nou yo an pandan epòk pandemi mondal sa a, ak tan ki banou defi ekonomik ak ajitasyon sosyal sa yo. Li se yon onè pou mwen navege Distri nou an nan tan kritik sa a nan istwa peyi nou an. Listwa aprann nou ke pandan tan kritik sa yo la jistis toujou domine epitou moun ki konsekan yo chaje pou yo pale kont rasis ak diskou rasis yo ki la pou divize nou. Akòz de sa, mwen te vle pataje panse mwen sou gason ak famn yo touye yo enkli Ahmaud Arbery, Breonna Taylor ak trangle brutal George Floyd la.

Ensidan sa yo se yon rapèl macabre de responsablite peyi nou an pou rekònèt privilèj san merit ke yo bay enpe moun ansanb ak injistis sosyal e ekonomik ki afekte lòt trè mal. Nou sot wè kijan sa fèmen anpil pòt lè yo pa trete moun ak diyite menm jan sa fèmen pasaj respiratwa èt imen nan peyi nou an. Sa fè nou souje ke noumenm kòm nasyon sipoze fè pi pon pou pitit nou yo. Nan Uniondale valè nou yo baze sou ekitabilite, sa ki fè nou wè pati pri enstitisyonèl nan peyi nou an ki promote abi de moun ki pa gen dwa ak pouwva la toujou. Se pou nou rasanble kounye a kòm yon kominate pou ori konpreyansyon, akseptans ak sipò pou fanmi nou yo pandan ke n ap navege kè fèmal sa a ke kominate nou an ap sibi a. Kòm sipèéntandan enterimè, mwen kanpe kont inegalite an injistis e mwen mande tout moun nan kominate nou an pou leve vwa yo ansanb kont injistis flagran sa a. Pou adrese sijè sa a, mwen kòmanse rasanble yon gwoup k ap gen wòl pou li angaje depatman polis la ak kominate nou an pou ekzije respè, epitou amelyore relasyon rasyal yo. Nou met atann pou nou tande plis sou sa nan semèn k ap vini yo sou kijan didtri nou an ap planifye pou adrese isi sa a.

Pandan n ap prepare pou fini ane lekòl nou an, nou konnen ou gen enkyetid e w ap ap tann desizyon ki enpòtan nan fen ane akademik lan. Baze sou Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki egzije distri lekòl yo kontinye ansèyman pa entènèt pandan tout mwa avril la, nou te ajiste dènye jou ofisyèl ane akademik nou an pou elèv nou yo. **Dènye jou lekòl ap Mèkredi, 17 jen. Devwa a distans yo ap fini Vandredi, 12 jen, pou elèv lekòl segondè yo. Lendi, 15 jen ak Madi, 16 jen yo ap lè pou elèv yo soumèt tout rès devwa yo.**

Anplis de sa, chak lekòl te travay sou pwosedi pou kazyé ak netwayaj salklas ak dat yo. Chak direktè biling pral kontakte paran yo pou pataje enfòmasyon sa yo. Mwen ta renmen mete aksan sou lefèt ke Distri Uniondale la ap opere sou yon règleman 'pa fè mal' nan nòt y ap bay elèv yo pou twazyèm trimès la ak katriyèm trimès la. Estrateji sa a pèmèt pwofesè yo pran an kont difikilite elèv yo te fè fas pandan pandemi an. Elèv lekòl primè yo ap resewva yon naratif pou twazyèm trimès la epitou nan nivo segondè, elèv yo pa ka resewva yon nòt ki pi ba pase 60 pou katriyèm trimès la. Nòt final la pral yon mwayèn de kat trimès yo.

Akademi aprantisaj ete nou an ap louvri pou tout elèv yo epi yo pral kòmanse Lendi, 29 jen jiska Jedi, 30 jiye. Pwogram nan pral ale de Lendi a Jedi de 8 è a midi pou lekòl primè yo, e pou lekòl segondè yo, de 7: 30 am a 1: 15. Menm jan



**UNIONDALE UNION FREE
SCHOOL DISTRICT**

933 GOODRICH STREET,
UNIONDALE, NY 11553-2499
Website:
<http://district.uniondaleschools.org>

BOARD OF EDUCATION
CHARMISE P. DESIRÉ, President
NEVILLE G. GEORGES, Vice President
ADELINA BLANCO-HARVEY, Trustee
JUSTIN BROWN, Trustee
CAROL EASON, Trustee
BAILEY JEFFRIES, Student Member

DISTRICT CLERK
OLENA NICKS
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

ADMINISTRATION

WILLIAM K. LLOYD, PH.D.
Superintendent of Schools
516-560-8824 • FAX 516-414-5675
E-MAIL: wllloyd@uniondaleschools.org

RHONDA H. TAYLOR
Acting Superintendent of Schools
516-560-8825 • FAX 516-560-8917

MYRTLE E. DICKSON, PH.D.
Assistant Superintendent for Human
Resources
516-560-8822 • FAX 516-560-8927

STEVEN M. EPSTEIN
Assistant Superintendent for Business
Affairs
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

tou, nou pral organize Pwogram Nouvo Veni yo tou kòm Pwogram ekstansyon ane a. Tout etidyan yo pral resewa yon dewa akademik obligatwa nan Matematik ak Angle ki dwe soumèt nan otòn lan. Anplis de sa, nou pral kontinye bay elèv nou yo manje epi yo pral kenbe pwogram nou an pou paran timoun yo ki sèvi kòm pèsonèl ijans ak travayè esansyèl.

Finalman, nou te konfime plan pou elevasyon ak seremoni gradyasyon yo. Pral gen yon konbinezon de seremoni vityèl ak evènman espesyal tankou parad machin yo, ki pral fèt dapre desizyon chak lekòl.

Ayskoul nou an ap finalize plan li nan selebre klas istorik lane 2020 an! N'ap planife yon wikenn pou gradyasyon e nou kontan rapòte ke plan an gen ladan yon opòtinite pou pitit ou a patisce nan yon "Car-mencement" ki pral fèt 27 ak 28th jen. Elèv yo ap resewa diplòm yo epi y ap prezante yo avèk yon bél opòtinite foto ki ka enkli paran yo oubyen gadyen yo, komemore tan elèv nou yo isit la nan Distri Uniondale la. Wikenn gradyasyon ap fini ak gradyasyon vityèl la le 29 jen. Nou kontinye travay avèk yon varyete de ajans konsènan sa ki admisib pou bay elèv yo diplome yo ak yon eksperyans ki pi memorab posib. Sekirite elèv nou yo, anplwaye ak paran nou yo rete yon priyorite pou nou epi nou dwe swiv lwa yo jan yo dikte pa gouvenman Eta New York la. Nou mande pou ou pasyan epitou kenbe nan tèt nou ke nou tout vle elèv nou yo gen opòtinite pou yo selebre sa yo akonpli yo. Nou cheri elèv nou yo anpil e nou trè fyè de akonplisman yo.

Finalman, mwen ta renmen kite ou ak yon rapèl soti de Maya Angelou ki di "Mwen ka chanje pa sa ki pase m ". Men, mwen refize redui pa li. " Mwen ta renmen pran tan sa a pou swete nou yon sezón ete san danje, de detant e ki agreyab; tanpri vizite sit entènèt distri a nan district.uniondaleschools.org pou mizajou konsènan tan kap vini an nan distri lekòl la nan sa ki konsène pandemi sa a.

Nan Sèvis pou Timoun,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Rhonda H. Taylor".
Rhonda H. Taylor

Sipètentandan Enterimè Lekòl yo